Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (79 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (79 KB)

# AVTOMOBIL TRANSPORTÍN BASQARÍW SISTEMASÍN BUNNAN BÍLAY DA JETILISTIRIW ILAJLARÍ HAQQÍNDA

Sońǵı jılları respublika ekonomikasına hám xalıqqa transport xızmetin kórsetiwdi jaqsılaw boyınsha keń kólemli jumıslar ámelge asırılǵanlıǵı atap ótilsin. Jolawshı tasıw jónelisleri tarmaǵı 2006-jılǵa salıstırǵanda 1,4 esege arttı, respublikada 117 jolawshı avtovokzal hám avtostanciya jumıs islemekte, tasıwlardıń qáwipsizligin támiyinlew boyınsha ilajlar ámelge asırılmaqta.

Sonıń menen birge, avtotransport xızmetleri tarawın jedel rawajlandırıwdıń bar imkaniyatlarınan hám rezervlerinen tolıq paydalanılmay atır. Avtotransport xojalıqların modernizaciyalaw zaman talapları dárejesinde emes, tarawda aldıńǵı málimleme-kommunikaciya texnologiyaları hám intellektual transport sistemaları jeterli dárejede engizilmey atır. Awır júk tasıwshı avtotransport qurallarınıń hárekettegi quramı parkiniń gónergenligi joqarılıǵınsha qalmaqta. Elimizdiń avtotransport xızmetleri eksportın hám tranzitin arttırıw potencialınıń imkaniyatları menen rezervlerinen tolıq paydalanılmay atır.

Tasıw processlerine, qatnaw kestelerine ámel etiliwi, jolawshılar tárepinen jol haqını elektron tárizde tólew nátiyjeliligi, túsimniń jıynalıwı hám tolıqlıǵı ústinen oraylastırılǵan dispetcherlik basqarıw hám qadaǵalaw sisteması joq. Ózbekistan avtomobil hám dárya transportı agentligi ámelge asırıp atırǵan jumıslar regionlardaǵı jolawshı transportın basqarıw boyınsha arnawlı wákillikli uyımlar tárepinen derlik qaytalanbaqta.

Avtomobilde tasıwlardı hám jol háreketi qáwipsizligin támiyinlew ushın qadaǵalaw ilajlarınıń túp-tiykarınan kúsheytiliwi jolawshılar avtotransportında ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha profilaktikalıq ilajlar kóriwdi talap etedi.

Avtomobil transportın basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw, avtomobil transportında tasıwlardıń qáwipsizligin támiyinlew hám avtotransport xızmetleri bazarın qáliplestiriw hám rawajlandırıw maqsetinde:

Ózbekstan avtomobil hám dárya transportı agentliginiń dárya transportı tarawındaǵı mámleketlik basqarıw boyınsha wákilligi Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligine ótkerilsin.
Ózbekstan avtomobil hám dárya transportı agentligi, Ózbekstan avtomobil transportı agentligi (keyingi orınlarda «Ózavtotrans» agentligi dep ataladı) bolıp qayta atalsın.
Tómendegiler «Ózavtotrans» agentliginiń tiykarǵı wazıypaları hám jumıs baǵdarları etip belgilensin:
avtomobil transportı obektleri hám jolawshılardıń qáwipsizligin támiyinleytuǵın perspektivalı málimleme-kommunikaciyalıq texnologiyalardı hám innovaciyalıq qatnaslardı keńnen qollanǵan halda jańa basqarıw sistemaların engizip, avtomobil transportı tarawında birden-bir texnika siyasatın júrgiziw;

avtomobil tasıwlarında normativlik-huqıqıy hám metodikalıq bazanı jetilistiriw, avtomobil transportı tasıwlar qáwipsizligin támiyinlew boyınsha mashqalalar boyınsha xalıqaralıq normalar, ilimiy-tekseriw, joybarlaw-konstruktorlıq, texnologiyalıq jumıslardı inabatqa ala otırıp, texnikalıq tártipke salıw tarawında normativlik hújjetlerdiń birden-bir maǵlıwmatlar bazasın islep shıǵıw hám qáliplestiriw;

ekonomika tarmaqları hám xalıqtıń tasıwlarǵa bolǵan talabın hám avtomobil transportı qáwipsizligin támiyinlew ilajların inbatqa alǵan halda, awıllıq elatlı punktlerdi, qalalar, wálayat hám rayon oraylarын baylanıstıratuǵın jańa jónelislerdi ashıw, avtomobil transportın rawajlandırıw boyınsha kompleksli baǵdarlamalardı islep shıǵıw hám ámelge asırıw;

jolawshılarǵa keń kólemli xızmetler kórsetiw ushın sharayat jaratıw, sonıń ishinde, zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyaların keńnen qollanıp, avtovokzallar hám avtostanciyalardıń jumısın oraylasqan halda basqarıw hám muwapıqlastırıw sistemasın engiziw;

avtovokzallar menen avtostanciyalardı hám jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımları qaramaǵında bolǵan ulıwma paydalanıwdaǵı jolawshı tasıw jónelislerindegi toqtaw bándirgilerin joybarlastırıw, qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlawdı shólkemlestiriw;

tasıw processlerine, qatnaw kestelerine ámel etiliwi, jollarda háreket etiw tezligi monitoringi, háreket jónelisi sxemasına ámel etiliwi hám xalıqqa real waqıt tárizindegi maǵlıwmatlar xızmetiniń keń kólemli dizimi usınılıwı boyınsha oraylasqan dispetcherlik basqarıw hám qadaǵalaw sistemasın engiziw;

tasıw jónelislerin tender tiykarında jaylastırıw, jolawshı tasıwdıń sapasın hám qáwipsizligin arttırıw, tenderlerdi shólkemlestiriwshilerdiń jumısın muwapıqlastırıw mexanizmlerin engiziw arqalı avtomobil transportı xızmetleri bazarında bazar qatnasıqların hám básekilik ortalıǵın rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratıw;

shet mámleketler hám xalıqaralıq shólkemler menen belsene sóylesiw arqalı avtomobil transportı tarawında xalıqaralıq birge islesiwdi rawajlandırıw, shet mámleketlerdiń wákillikli uyımları menen kelise otırıp, jańa turaqlı xalıqaralıq avtobus jónelislerin ashıw hám xalıqaralıq avtomobil tasıwları tarawındaǵı xalıqaralıq shártnamalar boyınsha minnetlemelerdiń orınlanıwın támiyinlew, bul tarawdaǵı ámeldegi shártnamalardı qayta kórip shıǵıw hám jańaların dúziw, xalıqaralıq júk tasıwların ámelge asırıw ushın ruqsatnamalar blankaların óz-ara almasıw;

avtomobil transportında jolawshı hám júklerdi tasıw jumısın licenziyalaw, avtomobil transportında jolawshı hám júklerdi tasıw qaǵıydalarına ámel etiw, avtomobilde tasıwlardıń qáwipsizligin támiyinlew talaplarına, awırlıq hám gabarit kórsetkishlerine jáne aydawshılardıń miynet hám dem alıw rejimlerine ámel etiliwin qadaǵalaw;

Ózbekstan Respublikasınıń xalıqaralıq shártnamalarında názerde tutılǵan Ózbekstan Respublikası aymaǵında avtomobilde xalıqaralıq tasıwlardı ámelge asırıw shártlerine ámel etiliwin qadaǵalaw (Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik shegarası arqalı ótkeriw punktleri buǵan kirmeydi);

Avtomobil transportında, bárinen burın, transport qáwipsizligin támiyinlew máseleleri boyınsha kadrlardıń mamanlıǵın arttırıw hám qayta tayarlawdı sistemalı shólkemlestiriw;

«Ózavtotrans» agentligine júklengen wazıypalar hám jumıs baǵdarlarınıń sapalı hám tolıq orınlanıwı ushın jeke juwapkerlik «Ózavtotrans»

agentligi baslıǵına júklensin.

Qaraqalpaqstan Respublikası, wálayatlar hám Tashkent qalasındaǵı qalalıq jolawshı transportın basqarıw boyınsha arnawlı wákillikli uyımlar «Ózavtotrans» agentliginiń tiyisli aymaqlıq basqarmalarına birlestirilsin hám olarǵa arnawlı wákillikli uyımlar hám departamentlerdiń huqıqları, minnetlemeleri, shtat birlikleri hám múlkleri 1-qosımshaǵa muwapıq dizim boyınsha berilsin.
Qalalıq jolawshı transportın basqarıw boyınsha arnawlı wákillikli uyımlardı hám departamentlerdi «Ózavtotrans» agentliginiń tiyisli aymaqlıq basqarmalarına birlestiriw boyınsha komissiya quramı 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Avtomobil hám dárya transportın rawajlandırıwdı normativlik- texnikalıq támiyinlew Respublikalıq orayı «Ózavtotranstexnika» ilimiy-óndirislik orayı» MK;
«Avtodáryatrans-ilim» kásiplik mamanlıǵın arttırıw mámleketlik ilimiy-metodikalıq orayı «Avtomobil transportı kadrlarınıń mamanlıǵın arttırıw hám olardı qayta tayarlaw institutı» MK dep qayta atalsın.

Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń Nókis avtomobil jol-xojalıǵı hám xızmet kórsetiw kásip-óner kolledjin, Ándijan transport hám xızmetler kórsetiw kásip-óner kolledjin hám Samarqand avtomobil hám jollar kásip-óner kolledjin, olardıń támiynatın Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti qarjıları esabınan qarjılandırıw tártibin saqlap qalǵan halda, «Ózavtotrans» agentligi quramına ótkeriw haqqındaǵı usınısına kelisim berilsin.
Tómendegiler:
Ózbekstan avtomobil transportı agentliginiń shólkemlestiriwshilik strukturası 3-qosımshaǵa muwapıq;

Ózbekstan avtomobil transportı agentligi oraylıq apparatı strukturası onıń xızmetkerleriniń sheklengen ulıwma sanın 80 adam, sonıń ishinde, basqarma xızmetkerlerin 62 adam etip, 4-qosımshaǵa muwapıq;

Ózbekstan avtomobil transportı agentligi aymaqlıq basqarmalarınıń úlgi strukturası hám xızmetkerleriniń sanı 5 hám 5 «a» qosımshalarına muwapıq;

Avtomobil transportın basqarıw sistemasına málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw baǵdarlaması 6-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine avtomobil transportın basqarıw sistemasına málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw baǵdarlamasın ámelge asırıw nátiyjelerin hár tárepleme talqılaw tiykarında baǵdarlama parametrlerine ózgerisler kirgiziw huqıqı berilsin.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar, rayonlar hám qalalardıń hákimlikleri «Ózavtotrans» agentligi menen birgelikte qala hám rayonlarda jańadan shólkemlestirilip atırǵan avtomobil tasıwların muwapıqlastırıw sektorlarınıń qala hám rayonlarda jaylastırılıwın támiyinlesin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 10-yanvardaǵı PQ-2724-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan 2017-2021-jıllarda qalalarda hám awıllarda avtotransport xızmetlerin bunnan bılay da rawajlandırıw baǵdarlamasına tómendegilerdi názerde tutatuǵın ózgerisler kirgizilsin:
jańa avtobus jónelislerin shólkemlestiriw hám avtovokzallar menen avtostanciyalar qurılısı hám rekonstrukciyalanıwınıń 2018-2021-jıllarda respublika ekonomikası hám shetki regionlardaǵı xalıqtıń tasıwlarǵa bolǵan talapların esapqa alǵan halda jańalanǵan maqsetli kórsetkishleri 7-8-qosımshalarǵa muwapıq;

2018-2021-jıllarda avtomobilde xalıqaralıq tasıwlardı ámelge asırıp atırǵan milliy tasıwshılardıń úlken kólemdegi júk avtotransport quralları parkin jańalawdıń boljaw kórsetkishleri 9-qosımshaǵa muwapıq.

2017-2021-jıllarda qalalar menen awıllarda avtotransport xızmetlerin bunnan bılay da rawajlandırıw baǵdarlamasında názerde tutılǵan ilajlardıń óz waqtında hám tolıq ámelge asırılıwı boyınsha juwapkershilik Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵına, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimliklerine jáne «Ózavtotrans» agentligi basshılıǵına júklensin.

Ilimiy-izertlew jumısları, jolawshı avtovokzalları hám avtostanciyaları, sonday-aq, jergilikli mámleketlik hákimiyat uyımlarına qaraslı bolǵan ulıwma paydalanıwdaǵı jolawshı jónelisleriniń aralıq bándirgilerin qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw boyınsha baǵdarlamalar, avtotransport qurallardıń satıp alıw hám avtomobil transportın basqarıw sistemasına málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw, «Ózavtotrans» agentligin saqlawdı qarjılandırıw maqsetleri ushın yuridikalıq shaxs statusına iye bolmaǵan Ózbekstan avtomobil transportı agentliginiń Avtomobil transportın rawajlandırıw qorı (keyingi orınlarda Qor dep ataladı) shólkemlestirilsin.
Qordı qarjılandırıw dárekleri etip tómendegiler belgilensin:

qala, qala átirapı, qalalararalıq hám xalıqaralıq avtomobilde jolawshılar hám júk tasıwlardı ámelge asırıwǵa licenziyalar beriw hám olardıń ámel etiw múddetin soziw ushın tólenetuǵın mámleketlik bajı qarjılarınıń 100 procenti;

«Ózavtotrans» agentliginiń aymaqlıq basqarmaları inspektorları tárepinen avtomobil tasıwları tarawında dúzilgen hákimshilik huqıqbuzarlıqlar haqqındaǵı bayanlamalar boyınsha óndiriletuǵın járiymalar summasınıń 84 procenti;

Qorǵa júklengen wazıypalardı ámelge asırıw ushın tartılatuǵın xalıqaralıq qarjı institutları, shet eldegi húkimetlik shólkemler hám basqa da donorlardıń kreditleri (zayomları) hám grantları;

Mámleketlik hám jeke menshik sheriklik sheńberindegi jeke menshik investiciyalar hám nızamshılıqta qadaǵan etilmegen basqa da dárekler.

«Ózavtotrans» agentligi Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligi menen kelisilgen halda eki ay múddette Qor haqqındaǵı Rejeni islep shıqsın hám tastıyıqlasın.

2022-jıldıń 1-yanvarına shekemgi múddetke:
Lizing kompaniyaları hám xalıqaralıq tasıwlardı ámelge asıratuǵın milliy tasıwshılar Ózbekstan Respublikasına alıp kirilip atırǵan hám elimizde islep shıǵarılıp satıp alınıp atırǵan júk avtotransportı qurallardıń Ózbekstan Respublikası Ishki isler ministrligi uyımlarında dizimnen ótkeriwde Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti janındaǵı Respublikalıq jol qorına óndiriletuǵın jıyımlar tóleminen;

tiykarǵı jumısı avtobuslarda jolawshı tasıwdı ámelge asırıw bolǵan ulıwma paydalanıwdaǵı qalalıq jolawshı transportı shólkemleri jer salıǵı tólemlerinen azat etilsin.

«Ózavtotrans» agentligi baslıǵına:

avtobuslarda jolawshı tasıw (sonıń ishinde xalıqaralıq) xızmetin kórsetetuǵın, júklerdi avtomobilde tasıwlar hám transport-logistika jumısın ámelge asıratuǵın, toqtaw bándirgilerin qurıw, rekonstrukciyalaw, ońlaw hám basqa da avtomobil transportı tarawında jumıs isleytuǵın unitar kárxanalar túrindegi biyǵárez arnawlı kárxanalardı shólkemlestiriw;

«Ózavtotrans» agentligi strukturasındaǵı unitar kárxanalardı birlestiriw hám saplastırıw huqıqı berilsin.

«Ózavtotrans» agentligine hám ol tárepten shólkemlestiriletuǵın arnawlı kárxanalarǵa Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń Aymaqlardı kompleksli rawajlandırıw hám kommunallıq taraw, ekologiya, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, transport, kapital qurılıs hám qurılıs industriyası máseleleri kompleksiniń basshısı menen kelisip, tender sawdaların ótkermey, eń maqul usınıslardı saylap alıw jolı arqalı avtobuslar menen mikroavtobuslardıń jumısların aralıqtan onlayn túrinde baqlaw hám jolawshılar transportında jol haqısın naq pulsız tólew sistemasın engiziw ushın arnalǵan avtotransport quralları, baǵdarlamalıq ónimler, úskeneler, mexanizmler, materiallar, awısıq bóleklerdi islep shıǵaratuǵın zavodlar (jetkerip beriwshiler) yamasa olardıń rásmiy dilerleri (distribyutorları) menen tikkeley shártnamalar dúziwge ruqsat etilsin.
«Ózavtotrans» agentligi hám ol tárepten shólkemlestiriletuǵın jańa arnawlı kárxanalar tiykarlaw talabı bolǵanda texnikalıq-ekonomikalıq tiykarlaw negizinde 2023-jıldıń 1-yanvarına shekemgi múddette:
barlıq túrdegi salıqlardan hám maqsetli mámleketlik qorlarǵa ótkeriletuǵın májbúriy tólemlerden azat etilsin, onda bosaǵan qarjılar jańadan shólkemlestiriletuǵın arnawlı shólkemlerdiń materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlew ushın maqsetli jumsalıwı;

Ózbekstan Respublikasına belgilengen tártipte tastıyıqlanǵan dizimler boyınsha alıp kiriletuǵın transport quralları, awısıq bólekler, úskeneler, ásbaplar jáne priborlar, mashina hám mexanizmler, kompyuter jáne diagnostikalıq texnikalar bajıxana tólemlerinen azat etiliwi belgilep qoyılsın (bajıxanada rásmiylestiriwshiler ushın jıyımlar buǵan kirmeydi);

«Ózavtotrans» agentligi hám onıń shólkemlestiriwindegi jańa arnawlı shólkemler arasında, sonday-aq, shólkemlerdiń ózleri arasında qaytarıp jibermew shárti tiykarında tapsırılıp atırǵan jáne qabıl etilip atırǵan jeke múlk shaxslardıń qosımsha qun hám dáramat salıǵı boyınsha salıqqa tartıw obekti bolıp esaplanbaytuǵınıń belgilep qoyılsın.

«Ózavtotrans» agentligi xızmetkerleri xızmet wazıypaların atqarıwda vedomstvolıq formalı kiyim kiyip júriwi belgilensin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 27-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikası ministrlikleri, vedomostvoları hám shólkemleriniń formalı kiyimlerin islep shıǵıw, standartlaw, tastıyıqlaw hám tayarlaw mexanizmin tártipke salıw ilajları haqqında»ǵı PQ-2800-sanlı qararınıń 1-qosımshasındaǵı «Vedomstvolıq formalı kiyim» babına tómendegi mazmundaǵı 6-bánt qosılsın:

«6. Ózbekstan avtomobil transportı agentligi».

Ózbekstan Respublikası Menshiklestirilgen kárxanalarǵa kómeklesiw hám básekilikti rawajlandırıw boyınsha mámleketlik komiteti Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimlikleri menen birge eki ay múddette «Ózavtotrans» agentligi hám onıń shólkemlestiriwindegi jańa ǵárezsiz shólkemlerge mámleket iyeligindegi avtovokzallar, avtostanciyalar, imaratlar hám óndiris maydanshaların beriw boyınsha Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti Ózbekstan Respublikasında avtomobil transportın basqarıw sistemasın jetilistiriw boyınsha shólkemlestiriw ilajları haqqındaǵı húkimetlik qarardı eki hápte múddette qabıl etsin.
«Ózavtotrans» agentligi, Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi Ózbekstan Respublikası Ádillik ministrligi hám basqa da mápdar ministrlikler jáne vedomostvolar menen birgelikte eki ay múddette nızam hújjetlerine usı qarardan kelip shıǵatuǵın ózgerisler hám qosımshalar haqqında Ministrler Kabinetine usınıslar kirgizsin.
Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Xalıqqa transport xızmetin kórsetiw jáne qalalar hám awıllarda avtobuslarda jolawshılardı tasıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı 2017-jıl 10-yanvardaǵı PQ-2724-sanlı qararınıń 1- hám 4-qosımshaları óz kúshin joyıtqan dep esaplansın.
Usı qarardıń orınlanıwın qadaǵalaw Ózbekstan Respublikası Bas ministriniń birinshi orınbasarı – «Ózbekstan temir jolları» AJ basqarması baslıǵı A.J.Ramatovqa hám Ózbekstan avtomobil transportı agentliginiń baslıǵı D.T.Dehqonovqa júklensin.
Ózbekstan Respublikası

Prezidenti Sh.MIRZIYoEV

Tashkent qalası,

2018-jıl 6-mart

* * *

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

“Avtomobil transportın basqarıw sistamasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında”ǵı qararına

TÚSINIK

Sońǵı jılları respublika ekonomikası hám xalqına avtotransport xızmetin kórsetiwdi jaqsılaw boyınsha úlken jumıslar ámelge asırıldı. Jolawshı tasıw baǵdarları tarmaǵı kólemi 1,4 esege arttı, respublika boyınsha 117 jolawshı avtovokzalı hám avtostanciyası xızmet kórsetpekte.

Hárekettegi quramdı zamanagóy, qolaylı avtobuslar, mikroavtobuslar, júk avtomobilleri menen jańalaw, jónelislerdi aqılǵa uǵras shólkemlestiriw hám keńeytiw, tasıwlar qáwipsizligi ilajların kúsheytiw esabınan xalıqtıń avtomobil tasıwlarına talabın imkanı bolǵanınsha tolıq támiyinlew avtomobil transportın rawajlandırıwdıń tiykarǵı baǵdarı bolıp tabıladı.

Usı faktorlardı esapqa ala otırıp tómendegi ilajlar ámelge asırıldı:

birinshiden, tarawda kishi isbilermenlikti rawajlandırıw ushın nızamshılıq dárejesinde qolaylı sharayatlar jaratıldı;

ekinshiden, jolawshılar avtovokzalları menen avtostanciyaların qurıw hám rekonstrukciyalaw, jańa jolawshı jónelislerin ashıw, avtomobil transportı hárekettegi quramın jańalaw boyınsha zárúr ilajlar kórilmekte;

úshinshiden, tasıwlar jónelislerin tender arqalı jaylastırıw mexanizmlerin engiziw jolı menen avtomobil transportı xızmetleri bazarında bazar qatnasıqların hám básekilik ortalıǵın rawajlandırıw ushın qolaylı sharayatlar jaratılmaqta;

tórtinshiden, avtomobil tasıwlardıń basqarıw sistemasına isbilermenler tárepinen tiyisli mámleketlik xızmetlerdi alıwda ruqsat beriw hám licenziya processlerin maksimal dárejede ápiwayılastırıw, talap etilip atırǵan hújjetler sanın, olardı usınıw múddetlerin qısqartıwdı názerde tutatuǵın birden-bir málimleme-integrallasıw sisteması engizilgen.

Sonıń menen birge, avtotransport xızmetleri tarawın jedel rawajlandırıwdıń bar imkaniyatlarınan hám rezervlerinen tolıq kólemde paydalanbay atır. Avtotransport xojalıqların modernizaciyalaw zaman talapları dárejesinde emes, tarawda málimleme-kommunikaciya texnologiyaları hám intellektual transport sistemaları jeterli dárejede engizilmey atır, avtotransport xızmetleri eksportı-importı hám tranzit potencialınan paydalanıw dárejesi tómenliginshe qalmaqta.

Avtomobil transportın basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw, shólkemlestiriwshilik hám institucionallıq ózgerislerdi nátiyjeli ámelge asırıw, avtotransport xızmetleri bazarın qáliplestiriw hám rawajlandırıwǵa kómeklesiw hám avtomobil tasıwlardıń qáwipsizligin támiyinlew maqsetinde tomendegilerdi názerde tutatuǵın Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Avtomobil transportın basqarıw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw ilajları haqqında»ǵı qararı qabıl etildi:

birinshi – Agentliktiń kemeshilik Registri tárepinen dárya transportınıń mámleketlik basqarıwı hám tártipke salıw funkciyaları Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrliginiń kishi kólemli kemeler boyınsha Ózbekstan Respublikası Mámleketlik inspekciyası funkciyaları menen uqsaslıǵı inabatqa alınıp, Agentliktiń kemeshilik Registri Ózbekstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar ministrligi basqarmasına ótkerilmekte;

ekinshi – avtotransport tarawında wákillikli mámleketlik basqarıw uyımlarınıń artıqsha tákirarlawshı processleri biykarlanbaqta;

úshinshi – 2018-2021-jıllarda 437 jańa jolawshı jónelislerin shólkemlestiriw hám 84 avtovokzal hám avtostanciyanı qurıw jáne rekonstrukciyalawdıń, ekonomika tarawları hám xalıqtıń respublikanıń shetki regionlarında tasıwlarǵa bolǵan talapların inabatqa ala otırıp, jańalanǵan maqsetli kórsetkishleri, sonday-aq, júklerdi xalıqaralıq avtomobilde tasıwlardı ámelge asıratuǵın milliy tasıwshılardıń awır júk tasıwshı 3824 avtotransport quralları parkin jańalawdıń boljaw kórsetkishleri tastıyıqlanbaqta;

tórtinshi – avtomobil tasıwlarına baylanıslı máselelerdi jedel sheshiw ushın qalalar hám rayonlarda avtomobil tasıwların muwapıqlastırıw sektorları shólkemlestirilmekte;

besinshi – avtomobil transportın basqarıw sistemasına intellektual transport sisteması innovaciya joybarlarınıń zárúr elementlerin engiziwdi názerde tutatuǵın, ulıwma nırqı shama menen 90 milliard sumdı quraytuǵın málimleme-kommunikaciya texnologiyaların engiziw Baǵdarlaması tastıyıqlanbaqta, sonnan:

ulıwma paydalanıwdaǵı jolawshılar tasıwların ámelge asırıwdı onlayn tárizde avtomatlastırılǵan monitoring etiw sistemasın operativ xızmetler sistemaları menen integrallasqan jaǵdayda jaratıw hám engiziw;

ulıwma paydalanıwdaǵı qalalıq jolawshılar transportında birden-bir avtomatlastırılǵan jol haqı tólemi sistemasın engiziw;

belgilengen wazıypalar hám funkciyalardı orınlanıwdıń tezligin hám sapasın arttırıwǵa hám kórsetilip atırǵan interaktiv mámleketlik xızmetler dizimin keńeytiwge imkan jaratatuǵın “Ózavtotrans” agentligi xızmetiniń avtomatlastırılǵan málimleme sistemaların jaratıw;

altınshı – tasıw procesi, avtovokzallar hám avtostanciyalar jumıslarınıń oraylasqan dispetcherlik qadaǵalaw jáne basqarıw sistemasın jaratıw hám engiziw názerde tutılmaqta;

jetinshi – orınlardaǵı jergilikli mámleketlik uyımlar qaramaǵında bolǵan ulıwmalıq paydalanıwdaǵı jolawshı jónelislerindegi toqtaw bándirgilerin qurıw, rekonstrukciyalaw hám ońlaw názerde tutılmaqta;

segizinshi – tarawdı jáne de rawajlandırıw boyınsha baǵdarlamalıq ilajlardı qarjılandırıw maqsetleri ushın Ózbekstan avtomobil transportı agentliginiń Avtomobil transportın rawajlandırıw qorı shólkemlestirilmekte.

toǵızınshı – Avtomobil transportı tarawın jas qánigeler menen támiyinlew maqsetinde Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi quramındaǵı 3 (Nókis avtomobil jol xojalıǵı hám xızmet kórsetiw kásip-óner kolledji, Ándijan transport hám xızmet kórsetiw kásip-óner kolledji hám Samarqand avtomobil hám jollar kásip-óner kolledji) «Ózavtotrans» agentligi quramına ótkerilmekte.

«Ózavtotrans» agentligi janında avtomobilde jolawshılar yamasa júklerdi tasıw, transport-logistika jumısların ámelge asıratuǵın biyǵárez qánigelesken, yuridikalıq shaxs xuqıqları tiykarında kárxanalar shólkemlestiriledi.

Avtotransport qurallarınıń awırlıq hám gabaritlik kórsetkishleri qadaǵalawın engiziw boyınsha stacionarlıq jáne qosımsha orınlardı ámelde engiziw ilajları rejelestirilmekte.

Usı qarardıń orınlanıwın támiyinlew Ózbekstan Respublikasında avtomobil transportın shólkemlestiriw sistemasın jetilistiriw, mámleketlik basqarıw hám tártipke salıw funkciyaların anıq belgilep alıw, shólkemlestiriwshilik hám institucionallıq ózgerisler, xızmet kórsetiw bazarı hám avtomobil tasıwlarınıń qáwipsizligin qáliplestiriw hám rawajlandırıw máselelerin sheshiwde arnawlı wákillikke iye mámleketlik uyım bolıp esaplanatuǵın Ózbekstan avtomobil transportı agentligi jumıslarınıń nátiyjeliligin arttırıwǵa imkaniyatlar jaratadı.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*